



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 3 jiyè 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE PRESE PRESE POU NOUYÒKÈ PREPARE YO POU MOVE TAN KI KA GENYEN
PANDAN WIKENN KONJE A AP PWOCHÈ**

***Loraj ak gwo lapli, san bliye enfliyans Siklòn Arthur, yo prevwa kap frape kèk rejyon Eta New York
pandan pral gen moun kap vwayaje pou konje 4 jiyè a***

***Gouvènè a ap fè konferans pou bay konsiy nan ka ijans pandan tout jounen an pou kontwole evolisyon
siklòn nan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te mande prese prese pou Nouyòkè prepare yo epi pran prekosyon nesèsè devan gwo lapli ki prevwa yo, ansanm ak posiblite move tan Siklòn Arthur ap pote. Kòm fanmi ak moun kòmanse ap vwayaje pou wikenn konje 4 jiyè a, Gouvènè a te ankouraje Nouyòkè pou yo swiv bilten meteyo epi pou yo prepare yo pou aji si trajektwa Siklòn Arthur la ap pwoche Eta a. Gouvènè Cuomo ap fè jodi a yon seri konferans pou bay konsiy nan ka ijans ansanm ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans Eta a ak lòt otorite nan lòt ajans pou kontwole sityasyon an, epi asire yo Eta a pare pou pran nenpòt mezi ki nesèsè.

“Se vre bilten meteyo pa di pou kounye a si Siklòn Arthur pral poze yon gwo menas pou Eta New York, men li toujou pi bon pou pwoteje tèt ou pase ou regrèt,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Konje 4 jiyè a se yon okazyon pou selebre libète, zanmi ak fanmi, epi mwen espere Lanati pa kraze plan pèsonn. Sepandan, kòm prekosyon, mwen mande prese prese pou tout moun ki nan rejyon sid Eta a, sitou sila yo kap viv, travay oswa ap vizite zòn tou pre kòt yo, pou yo swiv evolisyon Siklòn Arthur pandan jou kap vini yo. Biwo Jesyon Ijans Eta a pral kontinye swiv evolisyon siklòn sa epi fè tou sa ki nesèsè pou mande Nouyòkè pou yo pwoteje tèt yo, epi asire yo pare sizoka Arthur ta va pran yon lòt trajektwa.”

Jodi a, Tanpèt twopikal Arthur te pase nan siklòn Kategori 1. Bò 9 è maten an, Arthur te twouve l nan yon distans 340 mayl ak sidwès Cape Hatteras, NC, epi tap deplase nan direksyon nò nan yon vitès 10 mph ak van san rete nan yon vitès 75 mph. Yon viraj nan direksyon nòdès ak yon ogmantasyon nan vitès lap vanse a sipoze fèt jodi a, epi pral gen yon ogmantasyon vitès lap vanse a nan nwit lan ak demen. Previzyon meteyo NOAA pou kounye a montre siklòn nan ap pase nan lès Long Island vandredi swa epi dwe kite Eta a bò 2è samdi maten. Sepandan, konbinezon yon ond tanpèt danjere ak vag mare a gen anpil chans pou l lakòz inondasyon zòn sèk nan tan nòmal tou pre kòt yo ak dlo kap monte, epi pann kouran dispèse pap ka leve sizoka van yo ogmante pandan pasaj siklòn nan.

Haitian Creole

Gouvènè Cuomo te bay konsèy sekirite sa yo:

Tyeke kit ijans ou yo epi regade plan ijans fanmi an kounye a – pa bliye sila yo ki gen bezwen espesyal, timoun, vye granmoun, ak bèt.

Swiv enstriksyon ak konsèy otorite gouvènman lokal yo. Si yo mande w kite kote w ye a, fè sa san pèdi tan. Si yo mande w ale yon kote, ale kote yo di w la – pa ale lòt kote. Kite san pèdi tan lè otorite yo mande sa pou pa rete bloke sou otowout inonde. Asire ou gen ase gaz pou vwati ou.

Nan ka gwo van oswa inondasyon:

Sekirize oubyen rantre andedan kay tout mèb lakou ak lòt bagay deyò ki ta ka tounen yon pwojektil nan gwo van, epi konsolide tout pòt garaj pou yo ka reziste nan gwo van.

Veye kouran dlo, kanal drenaj ak zòn ki inonde fasil, pou oumenm oubyen wout evakyasyon yo pa koupe. Si yo ba w lòd pou kite kote ou ye a, deplase ale yon kote ki pa gen danje avan wout koupe ak dlo inondasyon.

Pa kondi nan dlo ou pa konn pwofondè l. Dlo kap desann ka bwote machin ou ale pap pap. Rete lwen liy kouran ki tonbe nan dlo yo.

Nan ka yon pann kouran:

Etann gwo aparèy yo pou anpeche dega wot tansyon elektrik lè yo bay kouran – kenbe yon limyè limen pou ka konnen lè yo bay kouran.

Rele konpayi elektrisite a pou fè yo konnen ou pa gen kouran.

Tyeke pou wè si vwazen w yo gen kouran.

Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.

Kenbe pòt frijidè ak frizè fèmèn pou anpeche manje gate. Lè nou pa si, jete manje a!

Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.

Pou jwenn plis enfòmasyon, abone w pou resevwa alèt gratis nan www.nyalert.gov kote ou pral resevwa alèt sou tan, transpò ak lòt ijans. Ale sou www.nyprepare.gov pou jwenn plis konsèy sekirite ak enfòmasyon ki pral ede w pare pou siklòn nan.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE

Haitian Creole